

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, kalayan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Arikunto (2010 kc.123) métode kuasi ékspérimén ngawengku tilu bagian, di antarana 1) *one shot case study*, 2) *pre-test and post test*, jeung 3) *static group comparison*.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun desain *pre-test* jeung *post-test*. Dilakukeun ku cara méré *pre-test* tuluy ngalarapkeun *treatment* pikeun ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis rarakitan kalayan ngagunakeun pamarekan *integratif*, tuluy dilakukeun *post-test* pikeun mikanyaho ngaronjatna kaparigelan nulis rarakitan siswa. Desainna anu digunakeunna saperti ieu di handap.

Tabel 3. 1

Desain Panalungtikan

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

(Arikunto, 2010 kc. 124)

Keterangan:

O₁ : *Pre-test* (kaparigelan nulis rarakitan saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif*)

X : *Treatment* (pangajaran ngagunakeun pamarekan *integratif*)

O₂ : *Post-test* (kaparigelan nulis rarakitan sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*)

3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

Tempat dilaksanakeunna ieu panalungtikan nyaéta di SMP Plus Karya Pembangunan (KP) 2 Paséh, nu aya di jalan Kelepu-Sanding, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung, Provinsi Jawa Barat. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas VIII-A, salasihiji tina genep kelas nu aya di ieu sakola.

Masrini, 2024

PAMAREKAN INTEGRATIF DINA PANGAJARAN KAMAMPUH NULIS RARAKITAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024)


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Data jeung Sumber Panalungtikan

Data dina panalungtikan digunakeun *pre-test* jeung *post-test* nyaéta pikeun mikanyaho aya béda anu signifikan antara hasil kamampuh nulis rarakitan nu mangrupa salasihiji wangun téks sisidiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*, nu dilakukeun ka sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-A taun ajaran 2023/2024, kalawan jumlah salapan urang siswa lalaki, jeung sabelas urang siswa awéwé. Dumasar kana sawangan ti guru basa Sunda di éta sakola yén ieu kelas téh mangrupa kelas nu siswana kurang aktif dina pangajaran.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun ku panalungtik pikeun meunangkeun hasil, tujuan jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipake nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun metode kuasi ékspérimén kalayan métode *pre-test* jeung *post test*. Sangkan leuwih jéntré ngeunaan prosedur panalungtikan baris diguar dina bagan saperti di handap.



Bagan 3. 1

Prosedur Panalungtikan

Masrini, 2024

PAMAREKAN INTEGRATIF DINA PANGAJARAN KAMAMPUH NULIS RARAKITAN (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana Bagan 3.1 di luhur prosedur panalungtikan baris dijéntrékeun saperti ieu di handap.

1) Idéntifikasi masalah

Saméméh ngalakanakeun panalungtikan, dilakeun prosés wawancara sacara teu langsung antara panalungtik jeung guru Basa Sunda SMP Plus KP 2 Paséh ngeunaan pasualan nu karandapan di kelas nalika guru nepikeun matéri sisindiran (rarakitan) hususna di kelas VIII-A, salian éta ge aya réspon ti siswa kana naon nu nyababkeun kahéngkeran dina nulis rarkaitan nu kaasup matéri ngeunaan sisindiran luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013.

2) Rumusan Masalah

Sanggeus éta, panalungtik ngararancang alur naon waé nu bakal dilakukeun dina panalungtikan pikeun matotoskeun pasualan anu karandapan dina kamampuh nulis sisindiran di kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh.

3) Raraga Tiori

4) Ngarumuskeun Hipotésis

5) Nyusun Instrumén

6) Ngumpulkeun Data (*pre-test-treatment-post-test*)

Sanggeus manggihan pasualan nu aya di kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023-2024, pikeun ngumpulkeun data dilakukeun panalungtikan ka kelas. Dina ieu panalungtikan téhnik anu dipke pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Tés anu dilakukeun ka siswa nyaéta dua kali, ngawengku *pre-test* anu dilakukeun saméméh *treatment*, tuluy *post-test* sanggeus *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis rarakitan siswa saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun pamarekan *integratif*.

7) Analisis Data

Data tina hasil *pre-test* jeung *post-test* dianalisis ngagunakeun rumus statistik ngaliwatan *aplikasi SPSS PASW versi 29*.

8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sannggus ngalaksanakeun léngkah-léngkah di luhur, nyaéta tatahar, prak-prakan ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik tuluy nyusun laporan hasil panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik pikeun ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik tés. Téhnik tés miboga tujuan pikeun nyangking data saméméh jeung sabada dibéré treatment ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis sisindiran. Ieu tés dilaksanakeun kusabab data utama nu dibutuhkeun téh nya éta data ngeunaan kamampuh siswa dina nulis rarakitan. Ieu data bisa hasil kalawan ngagunakeun téhnik tés tulis.

Anapon léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahapan ieu di handap.

- 1) Siswa migawé pancén anu mangrupa *pre-tést* nulis rarakitan pikeun mikanyaho pangaweruh awal siswa kana nulis rarakitan.
- 2) Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa kana nulis rarakitan ngaliwatan pretés anu geus dilaksanakeun, panalungtik nataharkeun sagala pangabutuh pikeun ngarojong pangajaran ngagunakeun pamarekan *integratif* saperti materi, powerpoint, sarta vidio.
- 3) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun pamarekan *integratif* kana matéri nulis rarakitan.
- 4) Sanggeus ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun pamarekan *integratif* saterusna dilaksanakeun *post-tést* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha ngaronjat atawa henteu.

3.6 Instrumen Panalungtikan

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés sacara tinulis anu mangrupa soal pikeun siswa nulis rarakitan. Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun pamarekan *integratif*. Téhnis ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nyaéta observasi sacara langsung kana objék nu ditalungtik.

Pre-test dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa nulis rarakitan saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif*, sedengkeun *post test* dilaksanakeun pikeun ngukur hasil diajar siswa dina nulis rarakitan sabada ngagunakeun pamarekan *integratif*. Lembaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan mangrupa

soal paréntah anu kudu dikerjakeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran rarakitan nu aya dina sisindiran.

Tabel 3. 2
Instrumén Panalungtikan

Soal Nulis Rarakitan	
Wasta	:
No. Absén	:
Kelas	:
Pék lengkepan rarakitan silih asih, piwuruk jeung sésébréd di handap!	
1. Piwuruk	
	Sing getol nginum jajamu nu guna nguatkeun urat
2. Sésébréd	
	Aya budak dagang rotan ngan hanjakal teu dibeuli
3. Silih Asih	
	Hayang teuing nuang buncis, teu bisa ngasakanana,
4. Piwuruk	
 lamun hayang nu éndahna, kudu daék ngajagana.
5. Sésébréd	
 aya istri jangkung alit, hanjakal tarangna jenong.

Sanggeus ngalaksanakeun *pre-test*, guru tuluy méré *treatment* atawa perlakuan dina pangajaran nulis rarakitan nu bener. *Treatment* anu dimaksud nyaéta ngagunakeun pamarekan *integratif*.

Satuluyna, kagiatan nu dilakukeun nyaéta ngalaksanakeun *post-test* kalawan ngagunakeun format nu sarua jeung *pre-test*. Pikeun ngukur hasil tés kamampuh nulis siswa, ditangtukeun format peunteun nu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipiboga siswa boh dina *pre-tést* boh *post-tést*.

3.7 Analisis data

Téhnik analisis data mangrupa kagiatan nganalisis data tina hasil panalungtikan. Dina nganalisis data, panalungtik bisa maluruh hasil tina kamampuh siswa nulis rarakitan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*. Dina nganalisis data hasil kamampuh siswa, dilakeun léngkah-léngkah anu dilakukeun, diantarana:

- a) Nyirian hal-hal naon waé nu aya dina aspék kabasaan jeung struktur téks rarakitan anu geus dikumpulkeun;
- b) Mariksa jeung meunteun hasil tina nulis rarakitan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif* dumasar kana kritéria di handap.

Tabel 3. 3
Kritéria Penilaian

Aspék Kamampuh Nulis	Nilai	Kritéria
Organisasi Eusi	5	Hadé pisan (sampurna, hartina urutanana logis, maham pisan jeung bisa mekarkeun kecap koncina saluyu jeung pasualan nu dipedar)
	4	Hadé (maham, urutanana logis hartina bisa mekarkeun kecap saluyu jeung pasualan nu dipedar tapi kurang lengkep)
	3	Cukup (urutanana kurang logis, pamahamanna kurang, mekarkeun kecap konci kurang saluyu jeung pasualan nu dipedar)
	2	Kurang (urutanana teu logis, teu maham eusina, kurang bisa kana mekarkeun kecap koncina nu saluyu jeung téma)
	1	Kurang pisan (urutanana teu saluyu, eusina teu lengkep ku sabab teu maham kana eusi jeung pasualan nu dipedar, teu pantes diajén)
Guru Wilangan	5	Hadé pisan (sampurna, euweuh kasalahan dina ngitung guru wilangan)
	4	Hadé (sautik kasalahan dina ngitung guru wilangan)
	3	Cukup (aya sababaraha kasalahan dina ngitung guru wilangan)
	2	Kurang (kasalahan dina ngitung guru wilanganana loba)
	1	Kurang pisan (teu lengkep, saralah dina ngitung guru wilangan, teu pantes diajén)
Purwakanti	5	Hadé pisan (sora kecap unggal padalisan sasora saluyu jeung ugeran raraitan)
	4	Hadé (aya sababaraha sora unggal padalisan nu teu sasora tapi saluyu jeung ugeran rarakitan)

	3	Cukup (unggal padalisan sora kecapna aya nu kurang atawa leuwih, tapi saluyu jeung ugeran rarakitan)
	2	Kurang (sora kecap ungal padalisan loba nu teu sasora, teu saluyu jeung ugeran nulis rarakitan)
	1	Kurang pisan (sora kecap ungal padalisan teu sasora, teu saluyu jeung ugeran rarakitan, teu pantés diajén)
Diksi (pilihan kecap)	5	Hadé pisan (ngawasa pisan tata basa pamilihan kecap dina nyusun kalimah)
	4	Hadé (maké jeung nyusun kalimahna, tapi kurang ngawassa pangwangun ma'na)
	3	Cukup (kecapna kawatesan, tapi dina pamilihan kecapna cukup merenah)
	2	Kurang (kecap kawatesan, dina pamilihan kecap aya nu salah nepi ka ngarobah ma'na)
	1	Kurang pisan (asal-asalan dina milih kecap, kurang pangaweruh, teu pantés diajén)
Éjahan	5	Hadé pisan (maham kana aturan panulisan euweuh kasalahan dina éjahan)
	4	Hadé (geus maham, aya kasalahan dina éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	3	Cukup (cukup maham, aya sababaraha kasalahan dina éjahan tapi teu ngarobah ma.na)
	2	Kurang (kurang maham, loba kasalahan dina éjahan jeung ngarobah ma'na)
	1	Kurang pisan (teu maham, loba kasalahan dina éjahan jeung ngarobah ma'na, teu pantés diajén)
Karapihan tulisan	5	Hadé pisan (ngawasa aturan tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan ejahan)
	4	Hadé (kurang ngawasa aturan tulisan, aya sababaraha kasalahan ejahan tapi teu ngarobah ma'na)
	3	Cukup (kurang ngawasa aturan tulisan, mindeng salah éjahan jeung ma'na)
	2	Kurang (henteu ngawasa kana aturan tulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan teu bisa dibaca)
	1	Kurang pisan (teu maham, teu bisa ngaruntuykeun tulisan teu jelas dina ngagunakeun huruf, teu pantés diajén)

(Kuswari, 2010 kc. 159)

Tabel 3. 4
Skala Peunteun Nulis Rarakitan

Skala	Kategori
90-100	Hadé pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang pisan

(Kuswari, 2010 kc. 159)

- c) Méré peunteun kamampuh siswa dina nulis rarakitan saméméh jeung sabada ngagunakeun pamarekan *integratif*, kalawan rumus:

$$P = \frac{\sum \text{skor nukahontal}}{\sum \text{skormaksimal}} \times 100$$

Katerangan :

P = peunteun

- d) Ngasupkeun peunteun kana tabél dihandap. Peunteun saméméh jeung sabada ngagunakeun pamarekan *integratif*.

Tabel 3. 5
Format Meunteun Nulis Sisindiran

No Absén Siswa	Aspék kamampuh nulis						P	Kategori
	A	B	C	D	E	F		
\sum								
X								

Katerangan :

A = organisasi eusi

B = guru wilangan

C = purwakanti

D = diksi (kosa kecap)

E = éjahan

F = karapihan tulisan

P = peunteun

\sum = jumlah peunteun

x = rata-rata

Kategori = Peunteun ≥ 68 siswa dianggap mampu nulis rarakitan.
 Peunteun < 68 siswa dianggap can mampu nulis

3.7.1 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 29*. Ieu *software* mangrupa hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik atawa di sebut *Statistical Product and Service Solutions (SPSS)*. Data anu dianalisis nyaéta data hasil *pre-test* jeung *posttest*, sarta *indeks gain* anu dijéntrékeun dina *output* hasil *analisis SPSS*. Pikeun nguji sipat data, normal atawa henteuna dilakukeun ku cara uji normalitas.

3.7.1.1 Uji Normalitas

Nangtukeun distribusi data normal atawa henteuna nyaéta ku cara maké uji normalitas (Sugiyono, 2016 kc. 172). Sapanuju jeung éta, nurutkeun Sujarweni (2019) uji normalitas tujuanna pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun normal atawa henteuna data bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov* atawa uji *Shapiro-Wilk* gumantung kana jumlah data nu digunakeunna kurang ti 50 data atawa kurang, pikeun nyindekkeun normal henteuna distribusi data. Kalwan ngagunakeun hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas ngagunakeun *Kolmogorov-Smirnov* atawa *Shapiro-Wilk* kalawan taraf signifikansi nu digunakeun nyaéta 0.05, saupama nilai hasil uji leuwih gedé ti taraf signifikansi ($p > 0.05$) hartina distribusi datana normal, kitu deui sabalikna saupama kurang ti taraf signifikansi ($p < 0.05$) distribusi datana teu normal.

3.7.1.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis nyaéta keur nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 149) nangtukeun hipotésis bisa dilakukeun ngaliwatan dua cara. Saupama dina hasil uji normalitas nunjukeun hasil distribusi data anu normal ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun *t-test*, sedengkeun saupama data téh miboga distribusi anu teu normal, pikeun nguji hipotésis ngagunakeun statistik *non-parametris* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test* atawa *Uji Wilcoxon*.

Anapon dina nangtukeun hipotésis ditarima atawa henteu digunakeun kritéria saperti ieu di handap.

Hipotésis Nol (H₀) :Teu aya béda anu signifikan antara kaparigelan nulis rarakitan siswa kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*.

Hipotésis Alternatif (H₁) :Aya béda anu signifikan antara kaparigelan nulis rarakitan siswa kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*